



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN AK SANT KONFERANS KI KOUTE 96 MILYON DOLA NAN VIL ITHACA**

***Asteri Ithaca ki totalman elektrik gen ladan 181 kay abòdab ak sipò, Sant Konferans Anba Lavi Ithaca ki modèn***

**Foto yo disponib [isit la](#)**

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman nouvo Asteri Ithaca ki koute 96 milyon dola, yon devlopman lojman abòdab ak sant konferans nan anba lavil Ithaca. Devlope pa Vecino Group, gwo bilding 12 etaj yo se yon bilding efikas anpil an enèji, ki totalman elektrik ki gen 181 apatman, ki gen ladan 40 ki gen sèvis sipò sou plas pou moun ki gen difikilte ak moun ki sanzabri yo. Nan senk ane ki pase yo, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te kreye oswa prezève 1,000 lojman nan pri abòdab nan Konte Tompkins. Anplis de sa, Sant Konferans Anba Lavi Ithaca (Ithaca Downtown Conference Center) ki mezire 55,000 pye kare epi ki modèn la pral ede alimante kwasans kontinyèl ekonomik Vil la ak espas fonksyon ki rezèvab ki gen ladan yon sal konsèy egzekitif, yon gwo sal bal, yon sal reyinyon, yon espas pre-fonksyon, ak yon kwizin pwodiksyon konplè.

"Asteri Ithaca se yon devlopman ki pote transfòmasyon ki konbine bon jan kalite apatman abòdab, dirab ak sipò pou moun ki plis bezwen yo, ak yon Sant Konferans modèn ki pral dinamize ak elve tout Vil la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Devlopman ak itilizasyon miks sa a te planifye ak anpil atansyon kòm yon destinasyon pou viv, travay, jwe ki ankouraje kwasans ekonomik ak adrese yon bezwen kritik pou lojman. Se yon egzanp briyan nan angajman nou pou investè nan pwojè ki ranfòse kominote yo ak chanje anpil lavi."

"Ouvèti Asteri Ithaca a pral sèvi kòm yon motè devlopman ekonomik enpòtan, k ap ranfòse ekonomi Ithaca nan atire evènman alafwa lokalman ak andeyò rejyon an, tout pandan y ap ofri lojman esansyèl abòdab ak sipò pou Nouyòkè vilnerab yo, pou ankouraje mobilite asandan ak kwasans ekonomik", **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare**. "Pwojè ki totalman elektrik sa a montre kouman devlopman yon itilizasyon miks kapab fè pwogrès nan objektif enèji pwòp New York yo, pou asire kominote lokal ki pi dirab, ki pi an sante, epi ki pi vibran."

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Pandan twò lontan Ithaca te manke lojman adekwa abòdab ak biznis espas rasanbleman yo di li enpòtan pou ranfòse devlopman ekonomik rejyon an. Ak finisman pwojè sa a, nou ap abòde tou de defi sa yo tèt pou tèt. Mwen fyè pou m distribiye 2 milyon dola nan finansman federal pou nou te kapab konstwi nouvo konplèks sa a, ajoute plizyè santèn inite lojman abòdab epi enjekte dè milyon dola nan ekonomi lokal la atravè sant konferans modèn ak efikas an enèji a. Jodi a Ithaca ap montre nasyon an ak kisa solisyon lojman inovan ka sanble pou vil nou yo. Se poutèt sa mwen te fè anpil efò pou prezève Kredi Taks pou Lojman Pou Revni Lojman Federal, ki te ede bay lajan ki nesèsè pou konplete pwojè sa a epi se pou rezon sa m ap kontinye goumen pou elaji li. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul fè pou kreye kay abòdab atravè Eta a, epi ansanm n ap kontinye travay pou asire ke chak fanmi nan Ithaca ak atravè Eta a gen aksè ak lojman."

### **Bon jan kalite kay ki abòdab, ki bay sipò**

Pòsyon rezidansyèl Asteri Ithaca genyen nèf etaj ki anwo yo nan bilding lan epi li gen ladan 78 estidyo, 87 apatman ki gen yon sèl chanm, uit apatman ki gen de chanm, ak uit apatman ki gen twa chanm. Lwaye yo abòdab pou kay ki touche jiska 80 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn lan.

Rezidan yo gen sèvis entènèt gratis, epi chak inite ap kable pou gen aksè ak 5G, ki gen ladan woutè pou Wifi. Ekipman yo ap gen ladan yon teras syèl nan 12èm etaj, espas deyò, ak yon sant kondisyonman fizik nan katyèm etaj ak chanm kominotè. Gen yon sal lesiv nan chak etaj ak depo bisiklèt alenteryè premye etaj la. Yo te renove ak elaji pòsyon lès Green Street Parking Garage la pou enkli 350 espas pakin, ak plas ki disponib pou rezidan batiman yo lwe.

Batiman ki efikas an enèji epi ki konplètman elektrik la fè pwogrè nan objektif Eta a pou reyalize 85 pousan netralite kabòn disi ane 2050. Apatman yo gen aparèy plonbri a fèb debi, ansanm ak fenèt ak aparèy nan echèl Energy Star. Anplis de sa, batiman lan reponn ak egzijans Pwogram Energy Star an Wot Altitud pou Plizyè Fanmi (Energy Star Multi-Family High-Rise Programs) EPA ak Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman (New Construction Housing Program) Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la.

Finansman Eta a pou pòsyon rezidansyèl ki koute 62 milyon dola nan Asteri Ithaca a gen ladan 11 milyon dola nan obligasyon pèmanan enpo egzonere, Kredi Enpo Lojman Federal pou Moun ki Gen Revni Fèb (Federal Low-Income Housing Tax Credits) ki pral jenere 26.3 milyon dola nan fon pwòp ak 19.8 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Nouvo Pwogram Konstriksyon Lojman Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York la te bay tou plis pase 650,000 dola anplis nan finansman.

Apatman ki bay sipò yo benefisye yon prim Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) nan Tompkins Community Action, Inc., ki pral administre pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a. Sèvis sipò yo fèt pou ankouraje oto-sifizans nan

domèn tankou ladrès lavi, alfabetizasyon finansye, preparasyon travay ak devlopman konpetans, ak reyiniifikasyon familyal.

### **Sant Konferans modèn**

Sant Konferans modèn lan ranfòse aktivite ekonomik, ki gen ladan li òganize evènman final otòn sa a pou konpetisyon biznis manje, bwason ak agrikilti [Grow-NY](#) la.

Akseleratè a envite antrepriz demaraj potansyèl nan domèn manje ak agrikilti ki gen gwo kwasans atravè mond lan pou fè konpetisyon pou 3 milyon dola nan pri total chak ane.

Pwojè Sant Konferans Anba Lavil Ithaca a prevwa resevwa plis pase 50,000 patisipan, epi li gen pou l ankouraje 50 milyon dola nan nouvo depans vizitè yo ak plizyè milyon dola nan taks eta ak lokal pandan ven pwochen ane yo. Chak ane, Sant Konferans lan prevwa jenere 6,500 vizitè adisyonèl, ak plis pase 3,300 chanm. Pwojè a sipoze bay benefis ekonomik nan pi gwo zòn Konte Tompkins la, ki atire vizitè pandan mwa ki pi dousman yo ak nan jou ki mwens chaje yo nan dimanch jiska jedi.

Empire State Development ap sipòte pwojè sant konferans 34 milyon dola ak yon sibvansyon kapital ki rive jiska 5 milyon dola.

Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles E. Schumer, ak Senatè Ameriken Kirsten Gillibrand te bay 2 milyon dola nan finansman federal pou Sant Konferans lan kòm yon pati nan pake finansman federal omnibus pou ane fiskal 2022 a. Prim Finansman Pwojè Kominotè sa a ki soti nan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an te pèmèt pwojè a genyen yon kizin ki totalman elektrik ki inik.

Anplis de sa, Vil Ithaca, Pwogram Touris Konte Tompkins, Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tompkins, kat otèl anba lavil Ithaca (Ithaca Marriott on the Commons, Canopy Hotel, Hilton Garden Inn, ak Hotel Ithaca) atravè Tompkins Chamber Foundation, ak Downtown Ithaca Alliance te bay sipò finansye enpòtan pou Sant Konferans lan ak renovasyon pati ki rete nan garaj la.

Sitiye nan [166-118 East Green Street](#), Asteri Ithaca ak Sant Konferans Anba Lavil Ithaca sitiye a kèk pa ak Ithaca Commons, City Hall, restoran, boutik, biwo medikal, ak biwo pwofesyonèl yo. Devlopman an tou pre Six-Mile Creek Trail, DeWitt Park ak Cascadilla Gorge Trail. Arè Ithaca Commons - Green Street Tompkins Consolidated Area Transit la tou pre a epi gen plis pase 10 wout otobis ki sèvi ladan.

### **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.**

Gouvènè Hochul angaje l pou l abòde kriz lojman New York la epi fè eta a vin pi abòdab ak pi fasil pou tout Nouyòkè yo. Asteri Ithaca konplete Plan Lojman pou senkan 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki sou wout pou l kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a. Yo te kreye oswa konsève plis pase 40,000 kay jiska dat. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè a te jwenn yon akò enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York la atravè nouvo ankourajman taks pou kominote nan Nò Eta yo, nouvo ankourajman ak soulajman ki soti nan kèk restriksyon Eta enpoze pou kreye plis

lojman nan Vil New York, yon fon kapital 500 milyon dola pou konstwi 15,000 nouvo kay sou pwopriyete eta a, yon lòt 600 milyon dola nan finansman pou sipòte yon varyete devlopman lojman nan tout eta a, ak nouvo pwoteksyon pou lokatè pwopriyete yo.

Nan fen mwa out, Gouvènè Hochul te anonse [Pwogram Kominote ki an Favè Lojman an](#). Sètifikasyon Kominote An Favè Lojman an se yon egzijans pou lokalite yo jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan finansman opsyonèl eta a. Jiska prezan, gen plis pase 160 kominote sètifye, enkli Vil Ithaca ki te youn nan premye minisipalite yo sètifye nan Eta a.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kominotè ak Lojman (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York, te deklare,** "Vil Ithaca te ofisyèlman sètifye kòm youn nan kominote an Favè Lojman Gouvènè Hochul la nan mwa avril – e si pwodiksyon resan yo isit la se yon siy sa k ap vini, tout moun ka gen asirans ke pral gen plis devlopman dirab, abòdab, ki bay sipò pou itilizasyon miks tankou Asteri Ithaca ki koute 96 milyon dola alavni nan Vil la. HCR tèlman fyè dèske li fè pati antite ki pèmèt 181 nouvo apatman sa yo ki abòdab epi ki bay sipò gen lavi. Konplèks sa a se yon vrè destinasyon – pou moun k ap patisipe nan konferans ak evènman yo ak moun k ap fè biznis epi, asireman, pou moun ki rele bilding sa a lakay yo. Felisitasyon a tout patnè ki fè sa posib. Nou pa te kapab mande yon pi bon rezilta."

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Devlopman vibwan, ak itilizasyon miks sa a pral amelyore kominote lokal la epi kontribye nan kwasans ekonomik rejyon an. Finisman sant konferans Asteri Ithaca ak konplèks lojman bon mache a montre plis enpak transfòmasyon envestisman estratejik nou yo, alafwa nan Southern Tier ak nan tout Eta New York."

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare,** "Ouvèti Asteri Ithaca pral bay moun kwonik adilt ki sanzabri nan Konte Tompkins yo kay ki an sekirite, abòdab ki nesese anpil ak aksè fasil a sèvis esansyèl ak sipò ki enpòtan pou ede yo pwospere nan kominote yo. Nou rekonesan pou gwo sipò Gouvènè Hochul bay nan Inisyativ Lojman Sipò Empire State la ak pou lajman rekonèt pouvwa lojman sipò pou bay yon fondasyon ki estab pou Nouyòkè vilnerab yo ki pèmèt yo transfòme lavi yo pou yo ka viv san danje epi pwospere nan kominote pa yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, Doreen M. Harris, te deklare,** "Devlopman ki totalman elektrik, ak pou itilizasyon miks sa a montre kijan konbine pratik bilding fleksib ak karakteristik enèji pwòp ak efikas kapab maksimize pèfòmans bilding ak bay ekonomi alontèm nan konsomasyon enèji redwi. NYSERDA fyè pou l sipòte pwojè Asteri Ithaca a, ki fè avanse konsepsyon estratejik modèn ki pral ogmante abòdabilite pou rezidan yo pandan y ap kreye yon anviwònman pou viv ak travay ki pi an sante, ki pi konfòtab."

**Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare,** "Nouvo Sant Konferans nan konplèks Asteri Ithaca a pral sipòte efò l

LOVE NY ak patnè lokal nou yo pou ankouraje rekiperasyon ak kwasans kontinyèl aktivite touris biznis la. Lè planifikatè salon biznis ak evènman yo konsidere anba lavil Ithaca kòm yon destinasyon reyinyon, patisipan yo pral gen yon opòtinite pou eksplòre tout gwo opòtinite ki disponib nan tout kominote a ak rejyon an, soti nan manje ki soti nan fèm ki rive sou tab enkwayab ak eksplwatasyon diven klas mondyal pase nan kan ak randone pitorèsk, rive nan mize ki favorab pou fanmi ak istwa rich. Nouvo lokal tankou Sant Konferans Anba Lavil Ithaca akeyi nouvo vwayajè yo epi rann li tèlman fasil pou plis moun renmen New York."

**Senatè Eta Lea Webb te deklare,** "Lojman abòdab, devlopman ekonomik ak opòtinite pou angajman kominote a se pi gwo priyorite nan rejyon nou an. Mèsi ak Vecino Group, Vil Ithaca, Konte Tompkins, Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Tompkins, ak Downtown Ithaca Alliance pou tout travay eksepsyonèl nou fè pou pèmèt lojman abòdab Asteri Ithaca ak sant konferans lan gen lavi. Devlopman sa a pa sèlman yon bilding; li se yon liy sovtaaj pou kominote nou an, ki ofri 181 apatman abòdab nan yon anviwònman ki trè efikas an enèji, ki totalman elektrik. Avèk 40 kay rezève pou moun ki bezwen sèvis sipò, w ap bay endepandans ak estabilite pou anpil moun. Sant Konferans lan pral bay espas evènman entegral pou rejyon ak eta nou an. Vizyon w ak angajman w pou dirabilite ak enklizivite vrèman louwab, epi nou rekonesan pou kontribisyon w nan Ithaca."

**Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare,** "Pwojè Asteri a pral gen yon gwo enpak sosyo-ekonomik pozitif pou rezidan Ithaca yo ki gen tout sous ekonomik. Bezwen nou genyen pou lojman abòdab ak sipò nan Ithaca pwofon. Pwojè pou itilizasyon miksa sa a ede nou avanse sou wout ki long pou jwenn ase lojman abòdab ak sipò lè li bay 181 nouvo inite abòdab ak 40 inite ki deziyen pou moun ki bezwen sèvis sipò. Sant konferans lan ranpli yon vid kominotè nan konvoke espas ak siyifikativman ogmante touris nan mitan semèn pou ranfòse ekonomi lokal anbalavil nou an lajounen ak lannwit nan bay estabilite ki nesèsè anpil pou travayè yo nan endistri otelri a. Bilding ki efikas an enèji a, ki totalman elektrik la pral ede tou mennen nou pi pre objektif Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè nan netralite kabòn dis 2050. Se te yon vwayaj long nan liy final sa a e mwen kontan anpil pou m te kapab selebre finisman ak ouvèti li ak tout kominote a."

**Prezidan Lejislatif Konte Tompkins lan, Dan Klein, te deklare,** "Konte Tompkins te invest nan pwojè sa a nan dirije kèk nan revni taks otèl li yo kòm yon sous finansman kontinyèl. Pwojè sa a bay lojman ak travay nan anba lavil Ithaca epi li pral atire anpil vizitè nan Konte Tompkins."

**Majistra Ithaca, Rob Cantelmo, te deklare,** "Nou fyè pou n selebre finisma Asteri Ithaca ak Sant Konferans Anba Lavil Ithaca. Patenarya inik sa a pote lojman abòdab nan kè kominote nou an, ki mete aksan sou angajman pwofon Vil nou an pou ekite ak enklizyon. Pwojè sa a se premye sant konferans ki totalman elektrik nan Amerik di Nò a, yon temwayaj sou investisman kominote sa a nan yon avni vèt, dirab, ak akeyan. Nan non Vil la, mwen rekonesan anpil anvan patnè lokal, eta ak federal nou yo ki reyalize pwojè ki pote transfòmasyon sa a."

**Direktè Egzekitif Downtown Ithaca Local Development Corporation, Suzanne Smith Jablonski, te deklare,** "Aprè dizan kolaborasyon kreyatif ak inovan pami patnè kominotè yo, nou kontan selebre gran ouvèti pwojè Sant Konferans Anba Lavil Ithaca semèn sa a. Nou rekonesan anvè ofisyèl ak ajans lokal, eta ak federal yo ki te konprann vizyon nou an pou pwojè devlopman ekonomik touristik enpòtan sa a, ki prevwa ankouraje prèske 150 milyon dola nan nouvo depans dirèk ak ensite nan kominote nou an pandan ven pwochen ane yo."

### **Akselere Devlopman Ekonomik nan Southern Tier**

Anons jodi a fè avanse Plan Estratejik Southern Tier 2023 a epi konplete estrateji "[Southern Tier Soaring](#)" nan fasilite kwasans ekonomik ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon pwochen jenerasyon an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)